



Pou Piblikasyon Imedya: 19/02/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO PIBLIYE DIREKTIV AJOU POU POUSANTAJ ENFEKSYON YO AK PWOTOKÒL TÈS SOU KANPIS KOLÈJ YO

Kolèj ak inivèsite ki teste omwen 25 pousan elèv, pwofesè ak anplwaye total yo chak semèn p ap bezwen pran poz amwenske pousantaj pozitivite a depase 5 pousan pandan yon peryòd kontinyèl 14 jou

Lòt kolèj yo ki pa teste omwen 25 pousan popilasyon an chak semèn dwe pran poz si yo gen 100 tè endividyèl ki pozitif pandan yon peryòd kontinyèl 14 jou

Gouvènè Andrew M. Cuomo te pibliye jodi a direktiv ajou pou pousantaj enfeksyon ak pwotokòl tè sò sou kanpis kolèj yo. Kolèj ak inivèsite ki teste omwen 25 pousan elèv, pwofesè ak anplwaye total yo chak semèn p ap bezwen pran poz amwenske pousantaj pozitivite a depase 5 pousan pandan yon peryòd kontinyèl 14 jou. Kolèj ak inivèsite ki pa teste omwen 25 pousan popilasyon yo a chak semèn dwe pran poz si yo gen 100 tè endividyèl ki pozitif oswa si pousantaj pozitivite yo depase 5 pousan - nenpòt sa ki mwens lan - pandan yon peryòd kontinyèl 14 jou. Direktiv ajou sa a pral ankouraje plis tè sò sou kanpis pandan sa ap pèmèt lekòl yo pi byen idantifye ak izole pwoblèm yo anvan sa egzije pou pase nan aprantisaj adistans pou yo pa bezwen kanpe aprantisaj an pèsòn pou tout moun.

"Nou konnen tè sò se kle pou askelere re-ouvèti ekonomik nou an anvan nou atenn iminite kolektif, nou pran wout sa a ke nou jis bezwen pou ogmante volim tè sò yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nouvo direktiv sa a pral sèlman ankouraje kolèj ak inivèsite yo pou entansifye efò tè sò yo, sa pral bay lekòl sa yo tou plis fleksibilite anvan yo pase nan aprantisaj adistans ak mete aktivite kanpis yo sou poz pou plis lekòl kapab rete ouvri san yo pa konpwomèt sekirite."

Anvan sa, kolèj ak inivèsite yo te gen obligasyon pou pran poz si yo te gen swa 100 moun oswa 5 pousan nan popilasyon elèv yo a ki teste pozitif nan yon peryòd 14 jou, kèlkeswa pousantaj chak semèn yo. Direktiv ajou a pase nan yon mwayèn 14 jou kontinyèl ke epidemyoljis ak pwofesyonèl medikal yo favorize, kontrèman ak peryòd fiks inisyal 14 jou a.

Kolèj ak inivèsite yo dwe fè tranzisyon nan aprantisaj a distans kote aktivite sou kanpis la ap limite lè limit sa a atenn pandan yon peryòd 14 jou. Si apre de semèn, depatman sante lokal la jwenn kolèj la te demontre li pa ka jere kantite ka yo, lè sa a, yo ka

kontinye egzije aprantisaj a distans oswa enpoze lòt mezi rediksyon nan konsiltasyon ak Depatman Sante Eta a. Pandan moman sa a, aktivite espòtif yo ak lòt aktivite paraskolè yo dwe sispann, epi opsyon refektwa yo dwe chanje pou anpòte sèlman.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)